# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता



# धनवान आदमी, गरीब आदमी

लेखक: Edward Hughes
ब्याख्याकर: M. Maillot; Lazarus
अनुकूलित: M. Maillot; Sarah S.
अनुवादक: सुरेश मसीह
उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2015 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला
बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

यीशु धार्मिक अगुवन में से कई लोगन के जानत रहलन जे परमेश्वर से ज्यादा पइसा के अधिक पीयार करत रहलें। उ उनसे दूगो लोगन की स्थिति की बारे में बतवलन कि परमेश्वर से ज्यादा धन से लगाव रखल केतना ब्यर्थ हअ। स्वर्ग में परमेश्वर की साथ क जीवन कवनो धनवान आदमी खरीद ना सकेला।



एगो अमीर आदमी रहल
जेवन बहुत महंगा अउर
सुंदर कपड़ा पहिनत रहल।
उ एगो राजा की तरह
कपड़ा पहिनत रहल।



अमीर आदमी बहुत बढ़ियाँ खाना खात रहल। हर समय क भोजन एगो बड़ दावत की तरह रहल। ओकरी पास एतना पइसा रहल की उ जब जेवन चाहे, खरीद सकत रहल, चाहे शुबह क नास्ता, दूपहर अउर शाम क खाना या खाली समय में खाये वाला नास्ता।



अमीर आदमी की घर की फाटक पर एगो गरीब, बीमार, भूख से मरत भिखारी रहत रहे। ओकर नाम लाजर रहल।





गरीब लाजर घाव से भरल रहे। हो सके ला कि ऊ एगो रोगी रहल। या हो सकेला कि ऊ दूसरी लोगन द्वारा दिहल चोट, अऊर कटल निशान अऊर घावन से भरल रहल होइन। शायद ऊ, घाव से ए खातिर भरल रहल होइह्न काँहे से कि ऊ दूध, सब्जी या मास की जइसन बढ़ियाँ खाना ना खा सकत रहलन।

लाजर भोजन की खातिर तड़पत रहलन। उ अमीर आदमी की मेज से गिरल जूठन की टुकड़न से ही खुश हो जात रहलन।



आवारा कुकुर कबो कबो ओ गरीब असहाय भिखारी से रगड़त रहलन सअ। उ ओकरी आसपास सूँघत अउर ओकरी घावन के चाटत भी रहलन सअ। ईहाँ तक की केहु भी ओकर परवाह ना कइल, लेकिन लाजर भूख से मरत रहल।



एक सुबह, लाजर
नींद से ना उठ
पवलन। गरीब
भूख से मरत,
मित्रहीन
भिखारी ए
जीवन के
छोड़ चुकल
रहलन। लाजर
मर गोइलन।



मरला की बाद लाजर खातिर
ख़ुशी क पल आइल। यीशु स्वर्गदूतन के
आज्ञा दिहलन कि ओके इब्राहीम की साथ
रहे खातिर उनके ले जा लोग। परमेश्वर लाजर
के शान्त्वना दिहलें।



अब अमीर आदमी क भी मृत्यु हो गोइल। ओकर सारा पइसा ओकरी जीवन के ना बचा सकलस। जब मउवत आवे ला तब, केहु भी ओके रोक ना सके ला।



अमीर आदमी के दफनावल गोइल। शायद ई एगो बड़ अंतिम संस्कार समारोह रहल। शायद लोग अमीर आदमी के होशियार अउर सफल होखे खातिर के बहुत प्रशंसा भी कइले होइहन। लेकिन ओ सब क प्रशंसा भी उनकरा मदद ना कइलस। अमीर आदमी अब नरक में रहलन।



नरक में, अमीर आदमी चिल्लइलन, "हे पिता इब्राहीम, लाजर के भेजी ताकि उ पानी में अपनी अंगुरी क छोर डुबाके हमरी जीभ पर रखें ताकि हम शांत हो सकीं; काँहे से कि हम ए आग में तड़प रहल बानी।"



"इब्राहीम अमीर आदमी के याद दियवलन," पृथ्वी पर की जीवन में तोहरी पास सब कुछ रहल अउर लाजर की पास कुछ भी ना रहलन। "अब लाजर के शान्ति अउर तोहके तड़पे के बा; हमनी दूनो की बीच महान खांयी के केहु भी पार ना कर सके ला।"



"अमीर आदमी बिनती कइलन" हमरी पांच भाई लोगन के सचेत करे की खातिर लाजर के भेज देइं। "हम उन सबके ए पीड़ा की जगह में तड़पत ना देख सकी ना।"



इब्राहीम उत्तर दिहलन, "तोहरी भाई लोग की पास परमेश्धर क वचन बा" यदि उ लोग पांच भाई बाइबल पर विश्धास ना कर सके लें तअ यदि, लाजर मृतकन में से वापस जइहन तौ भी, उ लोग उन पर विश्धास ना करीहें।



जब यीशु धनवान व्यक्ति अउर लाजर क कहानी समाप्त कइलें, ओ वक्त धार्मिक नेता लोग शायद खुद से ई पूछले होईहन जा। "का हम परमेश्वर से अधिक धन से प्रेम करीं ला कि ना?"
अब उ जान गइल रहलें कि यदि परमेश्वर की वचन क पालन ना करब जा तअ हमनी क हाल कइसने होई।



# धनवान आदमी, गरीब आदमी

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

लूका 16

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हउ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हउ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16